

Lis enstitisyon ki akonpaye gratis
Fanm ak Tifi ki viktim vyolans
nan komin :

JAKMÈL

KAY JAKMÈL

TYÒT



Asistans legal/
Èd jiridik

Sekinte/
Lapolis




**Kisa pou fè
lè gen yon ka vyòl
ki rive sou
yon fanm
/ tifi ?**

Sèvis medikal



Èd sikosyal
Sante mantal





Se èd lajistis oswa yon biwo k ap travay nan fè pwomosyon dwa moun ki sibi vyolans seksyèl, ki akonpaye viktim vyolans seksyèl yo, fè yo konnen dwa yo, epi ede yo pran bon jan desizyon nan zafè lajistis.



Sèvis sekirite yo, se sèvis ki la pou bay moun ki viktim vyòl yo ak zòn kote yo rete pwoteksyon ak sekirite. Yo chache rankontre ak viktim nan, yo mennen ankèt sou ka vyòl la epi yo chache gen prèv sou sa. Depi ajan sekirite sa yo rive nan yon kominote kote viktim nan rete a, se pou moun ki travay nan akonpayman viktim vyolans yo bay travay pwoteksyon ak sekirite sa a polis yo ofri a anpil enpòtans lè yo vin kote yo pou enfòmasyon.



Ou mennen moun ki viktim vyòl la fanm/gason nan yon sant santé oswa nan yon lopital, pou yo gade ki dega vyolans li sibi a fè sou kò li ak si gen risk pou fanm nan oswa tifi a ansent pou agresè ; pou yo wè eske moun nan te blese pandan y ap fè vyolans la sou li . Pou fè sa, yo dwe mete kanpe tout pèsònèl lasante ak tout mwayen posib pou bay viktim nan swen ka li merite touswit, nan yon ti tan tou kout. Sèvis medikal la gen ladann pati klinik lan (CMR) ki se medikaman yo bay fanm ak gason ki viktim vyòl la. Medikaman sa yo pafwa konn gen move konsekans sou sante fanm ak fi ki nan laj pou yo fè pitit. Medikaman sa a, yo bay li nan delè 72 èdtan apre yo viktim vyolans seksyèl , yo akonpaye l ak yon kit sant lan oswa lopital la bay viktim nan apre vyòl la, ki gen ladann: medikaman pou prevansyon sa vle di pou anpeche viktim nan trape viris sida (Prophylaxie post-exposition PPE) pou sizanka moun ki fè zak la ta gen jèm sida nan san li ak tout lòt maladi yon moun ka bay yon lòt nan fè bagay; Gen yon konprime tou yo bay fanm ak tifi ki sibi vyòl touswit, pou anpeche li ansent pou agresè a (CE, Contraception d'urgence) nan yon delè 120 èdtan .



Se yon sèvis yo bay toutmoun ki viktim zak vyolans seksyèl oswa vyòl pou ede moun reprann bon sans li apre malè sa rive li, pou kalme li, ede li reziste anba konsekans zak la tankou foli, wont, emosyon oswa sezisman. Yo dwe gen moun bò kote yo nan eta kriz sa a, ba yo afeksyon li mèt se pandan yon ti tan oswa pase yon bon ti moman avèk yo, pale avèk yo epi enfòm yo sou sa kap fèt nan sa ki rive yo a.

Se lè yo mennen yon moun nan klinik yon sikològ apre li viktim yon ka vyòl, pou yo gade ki konsekans vyolans sa a genyen sou lavi moun nan, moral li ak lespri li, ak tout pwoblèm sosyal li ka vin genyen apre li sibi zak la. Pou swiv viktim nan, ou bezwen sèvis yon pwofesyonèl lasante ki kalifye ki konnen kijan pou li pran swen li trè byen.



- Se pou montre viktim nan sa ki rive a se pa fòt li. Li pat vle sa.
- Fòk ou kwe sa viktim nan di w se verite. Mete nan tèt ou viktim nan avèk ou nou anba yon danje ki ka rive nenpòt kilè. Mete w nan plas li oswa nan menm nivo ak li.
- Bay viktim nan tout swen ki nesèsè ak tou sipò ki posib. Pa ekzanp, ofri li yon ti dlo tanzantan; envite li fè yon ti pwomnad avèk ou nan yon zòn ki trankil, ki bèl ki ka fè li kontan epi chase krent ak pè konsekans vyòl la nan li, pale avèk li, pa imilye li, etc...
- Se pou koute viktim nan, kite li pale san w pa poze li okenn kesyon.
- Mete tout pwoblèm pa w yon kote, bliye tout sa ki prese pou ou, pou bay viktim nan tout atansyon ka li merite.
- Respekte dwa viktim nan nan desizyon l ap pran.



- Enfòmè viktim nan, men pa ba li konsèy.
- Pa kite twòp moun konnen sa ki rive viktim nan. Regle tout sa wap fè pou li an sekre.



- Pa fòse viktim bay okenn enfòmasyon, ni okenn detay anplis.
- Pa doute sou sa viktim nan di, ni pa di pawòl li pa di;
- Pa mennen ankèt sou ka ki rive a, ni pa bay konsèy;
- Pa fè pon ant viktim nan ak agresè a oswa nenpòt lòt moun, pa ekzanp fanmi li.
- Pa pran nòt ni pa di pèsonn anyen sou sa ki pase a, pa di pèsonn anyen sou zafè pèsònèl viktim nan;
- Pa fè kòmsi w konnen sa sa vle di yon « viktim » ni kisa yon viktim ka bezwen. Gen kèk aksyon yo ka fè ki kab mete viktim nan andanje pi plis. Li ka fè li santi li pi imilye, li pi wont, sa ka fè moun pa vle wè li nan kominote kote lap viv la, yo ka fawouche li, nwi li.



- Respekte sekre pèsonèl ak volonte viktim nan;
- Bay tout enfòmasyon yo ka fè konfyans sou tout sèvis ak sipò yo bay moun ki sibi vyòl , kit li fi, kit li gason;
- Le fanmi oswa moun k ap veye sou timoun nan pran yon desizyon nan non timoun nan, fòk li veye pou enterè timoun nan , tout sa k ap pi bon pou timoun nan pase an premye. Se pou timoun nan gen kapasite pou li idantifye granmoun nan ki akonpaye li a;
- Ede viktim vyòl yo fanm kou gason; tifi kou ti gason jwenn mwayen pou yo benefisye swen medical yo nan delè 72 èdtan an;
- Fòk nou toujou fè tout sa ki nan enterè viktim nan, tout sa li bezwen, tout sa li vle, tout desizyon viktim nan ap pran, tout sa viktim nan bezwen dwe pase an premye;
- Asire w byen pou konnen si viktim nan pran tout desizyon ki konsène fasilite li genyen pou li jwenn tout sèvis li bezwen ak tout enfòmasyon sou ka li;
- Pa blame l, ni gwonde viktim nan sou pwoblèm ki rive li;
- Ou dwe gen pasyans, ou dwe pran tan w pou byen koute sa viktim nan ap di w san w pa pote okenn jijman, ni di anyen mal sou sa ki pase l la.



Enstitisyon / adrès Jou epi lè yo louvri	Moun ki responsab	Telefòn
Tribinal Premye Enstans Lendi jiska vandredi 8è maten – 4è apremidi	Dwayen : Carlo Julmice Komisè Gouvènman	3762-3353 4876-2687
Bawo Jakmel (Palè Jistis) Lendi jiska vandredi 10è maten – 2è apremidi	Marc Dalla	4392-2104
Tribinal pou Lapè Lendi jiska vandredi 8è maten – 4è apremidi	Jij antèt: Merlyn Toussaint	3613-4013
Komisarya Jakmel Chak jou Lajounen kou lannwit		3804-7777



Enstitisyon / adrès Jou epi lè yo louvri	Moun ki responsab	Telefòn
Lopital Piblik Chak jou Lajounen kou lannwit		

Enstitisyon / adrès Jou epi lè yo louvri	Moun ki responsab	Telefòn
Fanm désidè Jakmel Lendi jiska vandredi 8è maten – 4è apremidi	Marie Ange Noel	
Vwa Fanm – Federasyon Asosyasyon Fanm Jakmel yo Lendi jiska vandredi 8è maten – 4è apremidi	Jean Metellus	

Kay Jakmel

Lajistis



Enstitisyon / adrès Jou epi lè yo louvri

Tribinal Depè
Lendi jiska vandredi
8è maten – 4è apremidi

Moun ki responsab

Jij antèt:
Marie Maggy Larivaud

Telefòn

3840-5016

Komisarya Jakmel
Chak jou
Lajounen kou lannwit

Lazante



Enstitisyon / adrès Jou epi lè yo louvri

Sant sante kominotè
Kay Jakmel
Chak jou
Lajounen kou lannwit

Moun ki responsab

Telefòn

Sant Emanyèl – prive
Lendi jiska vandredi
8è maten – 4è apremidi

Akonpayman Asosyasyon Fanm

Enstitisyon / adrès Jou epi lè yo louvri

Flore des Femmes
Wout Nasyonal No 5
Lendi jiska vandredi
8è maten – 4è apremidi

Moun ki responsab

Magdala Fleurantin

Telefòn

3710-8786

TYÒT

Lajistis



Enstitisyon / adrès Jou epi lè yo louvri

Tribinal pou Lapè
Lendi jiska vandredi
8è maten – 4è apre midi

Moun ki responsab

Jij antèt :
Jean Ernst Guzman

Telefòn

3623-1573

Komisarya
Chak jou
Lajounen kou lannwit

Lazante



Enstitisyon / adrès Jou epi lè yo louvri

Sant sante Kominotè Tyòt
Chak jou
Lajounen kou lannwit

Moun ki responsab

Mikenson Taravines

Telefòn

Asosyasyon kap akonpaye Fanm

Enstitisyon / adrès Jou epi lè yo louvri

TIPA -
Lendi jiska vandredi
8è maten – 4è apre midi

Moun ki responsab

Olide Sambour

Telefòn

4790-7711